Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan na raxas, walla daan na sangu ci Saah ba ci juróomi Mudd, (mooy ñaari loxoom bamu fees) daan jàppu ci benn Mudd

Jële nañu ci Anas yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan na raxas, walla daan na sangu ci Saah ba ci juróomi Mudd, (mooy ñaari loxoom bamu fees) daan jàppu ci benn Mudd.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan na sangu janaba ci Saah ba ci juróomi Mudd, daan jàppoo benn Mudd. Saah mooy ñenti Mudd, Mudd: mooy luy toll ci feesal ñaari ténqi nit ku yem cig jëmm.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/8387